

## Keep Flu Out of School – Haitian Creole

### Pa Kite Grip Rantre nan Lekòl

Depatman Sante Florid la raple lekòl e paran ke yo espere aktivite nan nivo grip yo ogmante. Nan yon efò pou mentni elèv nou yo an bon kondisyon sante e pou yo kapab rete nan lekòl, nou vle raple ou ke Depatman Sante Florid la ap ankouraje fanmi pou pran vaksen kont grip. Vaksen grip yo sekirize e se yo ki pi bon mwayen pou pwoteje moun kont grip ansanm avèk potansyèl konplikasyon sevè li. Timoun ki genyen mwenske 5 ane e timoun ki genyen kondisyon sante kwonik tankou las, dyabèt, maladi kè e kondisyon newolojik espesyalman nan gwo risks pou konplikasyon ki genyen rapò avèk grip. Sezon ki sot pase a yo te rapòte sis mò pedyat ki asosye avèk grip nan Florid. Malerezman, tout sis mò yo se timoun ki pa te vaksine konplètman.

Meyè fason pou pwoteje pitit ou e fanmi ou pandan sezon grip se pou yo:

- Vaksine.
- Pa kite manb fanmi an ki malad ale lekòl oswa travay.
- Kontakte sant ki ap pran swen sante pitit ou si ou menm oswa pitit ou remake sentòm ki sanble grip, ki enkli fyèv, tous, malogòj, nen sòs oswa nen bouche, mis oswa kò fè mal, mal tèt, fatig, oswa vomi e dyare) (Nou vle fè ou konnen ke se pa tout moun ki genyen grip ki pral genyen yon fyèv)
- Lave men ou souvan avèk savon e dlo oswa itilize asenise pou men ki genyen alkòl lè genyen dlo
- Touse oswa estènen nan yon papye oswa manch rad oswa koubwa si ou kapab.
- Fè tout efò pou ou pa touche zye, nen e bouch.

Lekòl Piblik Collier County PA pral ofri klinik pou bay vaksen nan lekòl ane sa a. Tanpri kontakte sant pwofesyonèl ki ap pran swen sante pitit ou a oswa Depatman Sante Collier County nan 239-252-8595. Pou plis enfòmasyon, oswa chèche konnen si genyen mwayen disponib pou pran vaksen.